Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OPÒTINITE BOUS POU ATIS NAN TOUT ETA A

Pwogram Konsèy sou Zèv Atistik Nouyòk la pral mete atis yo nan Ajans Eta Nouyòk la pou kolabore sou inisyativ kle nan eta a nan dezyèm ane bous la

Gen kat pozisyon bous disponib ak ajans eta yo; dat limit pou aplikasyon yo se 21 oktòb 2026

Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke aplikasyon yo ouvè pou atis Eta Nouyòk yo pou yo kolabore ak ajans eta yo pou devlope angajman inovatè pou inisyativ enpòtan yo nan eta a. Lanse an 2026 e kounye a l ap antre nan dezyèm ane li, Pwogram Atizay Eta, ke Konsèy sou Zèv Atistik Eta Nouyòk (New York State Council on the Arts, NYSCA) administre, reyini atis ak gouvènman Eta a pou ankouraje koneksyon kominotè, amelyore espas piblik yo epi anplifye inisyativ sèvis piblik vital yo.

"Lè yo kreye espas pou patenarya inik ak entèdisiplinè, Bous pou Zèv Atistik Eta Nouyòk la ap kontinye devlope apwòch orijinal ak siyifikatif pou pwojè ak defi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje kominote kreyatif nou an pou aplike pou opòtinite sa a epi sèvi Nouyòkè parèy yo ak kreyativite ak inovasyon yo."

Direktiv pou pwogram lan disponib nan arts.ny.gov/SOAfellow. Dat limit la se 21 oktòb 2026, a 5:00 p.m. Y ap anonse kandida yo nan kòmansman 2027.

Pwogram Atizay Eta a pral mete atis yo chwazi yo nan twa ajans eta a pou rezidans yon ane apati debi 2027. Atis tout disiplin — tankou atis vizyèl, atis pèfòmans, literati, fim, ak pratik entèdisiplinè — envite pou aplike pou opòtinite inik sa a.

Ajans k ap patisipe yo se:

- **New York State Canal Corporation (Kòporasyon Kanal Eta Nouyòk):** Bousye a pral entèprete epi pataje enjenyozite ak inovasyon Canal Craft pou onore ak ankouraje jenerasyon travayè kanal yo ak vil kanal yo pou fòme avni sistèm Kanal la. (Sit toupatou nan Eta Nouyòk sou koridò Kanal la; Biwo anplwaye yo nan Buffalo, Syracuse ak Albany)
- **Divizyon Dwa Moun (Division Of Human Rights, DHR) Eta Nouyòk la:** Bousye a pral bay yon ekspresyon siyifikatif sou dyalòg enpòtan sou dwa,

idantite ak apatenans pandan l ap konekte gwo ide sa yo ak lavi chak jou Nouyòkè yo (Vil Nouyòk/Bronx).

- **Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes & Community Renewa, NYSHCR) — Ajans Ipotèk Eta Nouyòk (New York State Homes & Community Renewal, SONYMA):** Bousye a pral ede konble twou vid ki genyen nan konsyantizasyon ak pèsepsyon konsènan pwopriyetè kay epi konekte opòtinite SONYMA yo ak divès popilasyon ak kominote li sèvi atravè Eta Nouyòk. (Sit toupatou nan Eta Nouyòk: biwo prensipal yo nan Albany ak Manhattan)
- **Biwo Eta Nouyòk pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD):** Bousye a pral kolekte, pataje epi entèprete memwa kolektif, eksperyans yo viv, ak materyèl achiv ansyen rezidan Lekòl Eta Willowbrook la ak manm fanmi yo, lòt moun ki gen enterè nan kominote dwa andikape yo, ak piblik la nan yon fason ki pral angaje epi rezone ak vwazen yo, elèv yo ak vizitè yo ki prezan ak sila alavni yo. Li te fèt an menm tan ak konstriksyon ak ouvèti nouvo Sant Aprantisaj Willowbrook la. (Albany ak Staten Island)

Atravè yon pwosesis kolaboratif, bousye yo pral travay nan tèt kole ak ajans eta yo pou abòde pwoblèm ijan epi mete an aplikasyon pwojè ki gen yon enpak dirab sou kominote atravè Nouyòk. Ajans k ap òganize a ansanm ak NYSCA pral chwazi bousye yo. Chak atis ki jwenn bous ap resevwa yon prim 60,000 dola, ki enkli tout depans pwojè a.

Direktè Konsèy sou Zèv Atistik Eta Nouyòk la, Erika Mallin, te deklare, "Antanke moun ki gen panse kritik ak lidè panse, atis yo pote pèspektiv inik ki ede nou re-imajine solisyon pou defi ki pi ijan nou yo. Konsèy sou Zèv Atistik Eta Nouyòk la fyè pou l dirije inisyativ enpòtan sa a pou yon dezyèm ane epi pou l reyini atis ak ajans eta yo nan yon vrè kolaborasyon kreyatif."

Prezidan Konsèy sou Zèv Atistik Eta Nouyòk la, Patrick Willingham, te deklare, "Atis yo pote yon valè enkwayab pou gouvènman an atravè pèspektiv inik yo ak kapasite kreyatif yo pou rezoud pwoblèm, men sa ki pi enpòtan, yo konekte nou ak limanite youn ak lòt epi yo ranfòse sans kominote pataje nou an. Pwogram Atizay Eta a se yon temwayaj sou kijan pratik kreyatif yo ka enfliyanse epi dinamize sèvis piblik la ak domèn piblik la."

Direktè New York State Canal Corporation, Ben Walsh, te deklare, "Nou fyè pou nou asosye avèk NYSCA sou Pwogram Bous Eta a pou mete an valè 'Canal Craft', sa vle di konpetans espesyal ki nesesè pou antreteni Sistèm Kanal Eta Nouyòk la. Mwen te temwen dirèkteman konpetans ak devouman anplwaye nou yo pote nan pran swen vwa navigab istorik sa a ki toujou vital. Enjenyozite yo, atizanal yo ak pasyon yo defini Canal Craft epi kenbe kanal yo ap fonksyone san danje pou tout Nouyòkè nan twazyèm syèk operasyon kontinyèl nou an. Mwen pa ka tann pou m wè kijan yon atis pral entèprete travay sa a epi ankouraje plis apresyasyon ak enterè nan efò inik sa a ak moun ki soutni sistèm kanal la."

Komisè Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la, Denise M. Miranda, te deklare, "Eta Nouyòk te kanpe depi lontan kòm yon modèl pwogrè, li te pyonye kèk nan pwoteksyon dwa sivil ki pi ansyen e ki pi solid nan peyi a. Men, reyalizasyon politik ak viktwa lejislatif yo pa toujou kapte tout enpak travay sa a. Rakont atistik posede yon pouvwa inik ak transfòmatè pou tradui etap enpòtan sa yo an eksperyans imen ke nou tout ka idantifye avèk yo epi konprann. Divizyon Dwa Moun lan gen lonè pou l asosye avèk Konsèy sou Zèv Atistik Eta Nouyòk la epi patisipe nan pwogram Bous Eta sou Atizay 2026-27 la, epi n ap tann ak enpasyans pou n chwazi yon atis ki pral bay lavi ak eritaj dwa sivil eta nou an."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Atravè Ajans Ipotèk Eta Nouyòk la, HCR ap travay pou fè aksè pou vin pwopriyetè kay pi fasil pou moun ak fanmi atravè eta a. Bous sa a ban nou yon opòtinite enteresan pou nou pote yon nouvo pèspektiv kreyatif nan travay sa a — ede konble twou vid ki genyen nan konsyantizasyon ak pèsepsyon pou moun yo ka pi byen konprann opòtinite pou yo vin pwopriyetè kay. Pwopriyetè kay ka gen yon enpak ki depase moun nan, li kreye opòtinite pou fanmi yo bati estabilite ak richès jenerasyonèl. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou rann Nouyòk pi abòdab epi nou ap tann ak enpasyans patenarya inovan sa a avèk Konsèy sou Zèv Atistik Eta Nouyòk la."

Komisè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal nan Eta Nouyòk la, Willow Baer, te deklare, "OPWDD kontan anpil dèske Konsèy sou Zèv Atistik Eta Nouyòk la chwazi li pou akeyi yon atis nan ekip nou an pou ede fòme vizyon pou nouvo Sant Willowbrook pou Aprantisaj nan Staten Island, yon ansyen enstitisyon pou moun ki gen andikap devlòpmantal ki te fèmen plis pase 50 ane de sa. Pèspektiv atis la pral konplete konsepsyon ak objektif pwojè a kòm yon moun k ap rakonte istwa pou jenerasyon pase ak jenerasyon k ap vini yo epi ede fè plis avanse objektif Nouyòk pou entegrasyon ak enklizyon kominotè pou tout moun."

Senatè Eta a, Jose M. Serrano te deklare, "Mwen kontan anpil dèske Pwogram Bous pou Atizay Eta a pral kontinye kolaborasyon enkwayab sa a ant atis talan Nouyòk yo ak ajans Eta Nouyòk yo. Antanke Prezidan Komite Sena a sou Afè Kiltirèl, mwen kwè pwogram sa a bay yon opòtinite enpòtan pou mendèv kreyatif nou an pote pèspektiv ak ekspètiz inik yo nan sektè piblik la. Lè nou ankouraje kolaborasyon ant disiplin yo, nou ka devlope apwòch inovan, solisyon kreyatif ak yon angajman kominotè ki pi solid."

Manm Asanble Ron Kim te deklare, "Mwen felisite Konsèy sou Zèv Atistik Eta Nouyòk la ak ajans k ap patisipe ane sa a paske yo te kolabore ak sektè kreyatif nou an pou pi byen sèvi Nouyòkè yo atravè eta a. Mwen pa ka tann pou m wè kijan pwojè sa yo pral chanje apwòch nou anvè sèvis piblik la epi ranfòse koneksyon nou ak kominote n ap sèvi yo."

Enfòmasyon sou Konsèy Eta Nouyòk pou Zèv Atistik la
Misyon Konsèy Atistik Eta Nouyòk la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta Nouyòk pou tout moun. Pou ane fiskal 2027 la, Konsèy Atistik la pral

akòde 161 milyon dola ki ap sèvi òganizasyon ak atis nan tout 10 rejyon eta yo. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta Nouyòk lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite www.arts.ny.gov, epi swiv paj Facebook NYSCA, sou X, anvan li te rele Twitter, @NYSCArts ak Instagram @NYSCouncilontheArts.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.